

## Inkuru nyamukuru yerekeye ishuli rikuru rya Mildura

Abagize ikibano c'ishuri rikuru ry' i Mildura barabahaye kaze kandi babipfuriye ko mwogira uruhara rukomeye muri kazoza mu gutera imbere kw'umwana wanyu.

Iyi nkuru izogufasha gutahura neza iri shuri n'ingene rikora. Ni nkenerwa kuri wewe ko utahura ko abanyeshuri bari mu mwaka wa 11 na 12 baba bariko barakora bitegurira kuronka urukaratasi rw'impamyabushobozi, canke rw'umutsindo. Ni co gituma, gutonda imisi yose, gukora ibikorwa vyose bisabwa gukorerwa muhira, n'ibindi bikorwa bahabwa, hamwe no kwiga umusi ku musu ni ibintu bikomeye bituma umwana atera imbere akamenya. Turazi yuko kugira ngo umwana ashobore kumenya kuri iryo shuri ryisumbuye ry'I Mildura koi bi bikurikira bitegerezwa kuba bikorera hamwe:

**Kudasiba mw'ishuri canke gutonda kw'ishuri imisi yose + gukora ibibazo n'ibikorwa vyose umunyeshuri ahabwa + ibikorwa canke imyimenyerezo akorera I Muhira+ imfashanyo= urupapuro rw'umutsindo , impamyabushobozi**



**Kudasiba kw'I shure, gutonda imisi yose:**



**Si vyiza ko umwana asiba kw'I shuri!** Iyo umunyeshuri yatonze kw' i shuri akiga ivyirwa vyose, bamuha amanuta ibice mirongo icenda kw'ijana asabwa mu cirwa ico ari co cose kugira ngo ashobore kumenya yunguruzwe. Iyo rero abanyeshuri bisibisha mw' ishuri, abavyeyi, abarezi basabwe gucungera no kuraba ko abo bajewe kurera batisibisha kw'I shuri naho hoba mu vyigwa bimwe bimwe canke igice c'imisi.

Iyo abanyeshuri batatonze, murakwiye kubitumenyesha biciye muri ubu buryo bukurikira:

Musabwe kwandika izina ryanyu nk'umuvyeyi canke umurezi, izina ry'umunyeshuri, italiki/ amataliki, n'icatumye umwana canke umunyeshuri asiba kw'I shuri.

- Aho ashobora kwakurwa: 5022 2893

- Aho ashobora kurondererwa ku buhinga ngurukanabumenyi: attendanceofficer@milsen.vic.edu.au
- Ico candiko gishizweko umukono wa nyene kucandika: kigashikirizwa kw'ihuri rikuru ry'ibikorwa vy'abanyeshuri canke ku biro bikuru
- Icete co kwa muganga cerekana ko yari arwaye igihe yasiba kw'I shuri

## GUSUZUMA:



Gusuzuma bisigura ibibazo abanyeshuri bahabwa bagakora kugira ngo barabe ko bakwiriye kuronka urupapuro rw'umutsindo ntibapfe kuronka impamyabushobozi batakoreye, badakwiriye.

Kubera abanyeshuri baba bariko barakora kugira ngo baronke urupapuro rw'impamyabushobozi, ntibihagije ko batonda kw'ishuri gusa. Abanyeshuri bategerezwa gukora ibikorwa vyose bisabwa ku cirwa ico ari co cose biga.

## IGIKORWA CO GUKORERA I MUHIRA:



Ibikorwa vyo gukorera I muhira bisigura ibikorwa vyose bikorerwa hanze ya birya bihome bine vy'ishuri bigiramwo. Abanyeshuri bitegwako bahabwa gukora amasaha 15 mw'iyinga bakora ibikorwa bahabwa inyuma y'amasaha y'ishuri, kandi ayo masaha akongerezwa gushika kuri 30 mu mwaka ugira 12 uko ibibazo canke ugusuzuma gukuru kuba kwegereje.

## IMFASHANYO:



Nk'abavyeyi murashobora gufasha umwana wanyu mu:

- Kumutera intege no kumuhimiriza kugira ngo aje mu mu murwi w'abandi bana bigira hamwe inyuma y'ivyigwa vya rusangi kugira ngo afashishwe ivyo atoba yatahuye muri rwinshi kandi akwirikiranwe bijanye n'ingorane afise
- Urabe neza ko umwana wawe aja mu vyigwa vyose, yiga ivyigwa vyose. Ntiwigere wemerera umwana wawe ko aguma muhira kandi ntiwigere umwemerera ko hari ivyigwa yisibisha. Si vyiza gusiba ishuri.
- Ronderera umwana wawe ahantu hatagira rwaserera, hatekanye aho ashobora kwigira. Emerera uwo mwana wawe ko akora ibikorwa bamuhaye gukorera i muhira kandi asubiremwo yimenyereze, ntimumuhe ibikorwa vyinshi akora I muhira canke ngo mumuremeke imizigo myinshi.
- Mumurindure, mumuhimirize kubaza, gusiguza igihe ahuye n'ibimugora mu vyigwa vyawe canke igihe yumva yuko azazaniwe n'ivyigwa.

## Aho wobariza:

Aho ishuri ibarizwa: Deakin Avenue, Mildura 3500

Agasandugu k'amakete: P.O. Box 1436, Mildura 3502

Telephone: (03) 5021 2911

Uburyo bwo gutumatumanako amakuru biciye ku buhinga ngurukanabumenyi:

mildura.senior.co@edumail.vic.gov.au

Ubuhinga ngurukanabumenyi: [www.milsen.vic.edu.au](http://www.milsen.vic.edu.au)

Amasaha yo kwugurura ibiro: guhera isaha zibiri zo mu gitondo gushika isaha cumi n'iminuta mirongo itatu ( 8.00am - 4.30pm)

**Abasobanuzi:** Iyo umusobanuzi akenewe kugira ngo bahanahane ivyiyumviro kuri izi nkuru, murakwiye kuronderera ku muzezwa bikorwa wa EAL w'ishuri rikuru ry'i Mildura kandi bazoca bagutegekaniriza umubonano kugira ngo ushobore kuza muhanahane, muvugane ibibazo ufise kandi ibikubakiye, bikuzazaniye.

